

# Rele Sant Antipwazon w lan

## Ou ka sove lavi yon moun



Rele Sant  
Antipwazon an  
pou jwenn èd

Rele si w gen  
kesyon sou fason  
pou pran medikaman  
w yo san danje



Klete pwodwi  
netwayaj




Kenbe timoun yo  
lwen pwazon



- Sant Antipwazon w lan ouvè  
**24 sou 24, 7 sou 7.**
- Famasyen ak enfimyè ki otorize pou bay enfòmasyon sou pwazon la pou ba w konsèy.
- Tout apèl yo gratis e Konfidansyèl.
- Yo ofri sèvis tradiksyon.
- Mande pou resevwa bwochi, otokolan pou telefòn ak eman gratis.

Lè l sèvi avèk Smartphone  
ou telechaje yon QR Reader  
aplikasyon gratis yo resevwa  
plis enfòmasyon.



Mete Anons sa sou kontak ou.

**POISON  
Help**  
1-800-222-1222

**212.POISONS  
(212.764.7667)**

Vizite sit entènèt nou  
an nan [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health)

**NYC**  
Health

**NYC  
HEALTH+  
HOSPITALS** | Bellevue

INFO-HAT1N (8/16)

## Sant Antipwazon Vil Nouyòk

(Haitian Creole)

## Pou ki jan de rezon yon moun bezwen rele Sant Antipwazon an?

- Ptit ou a te bwè yon pwodwi netwayaj.
- Ou te melanje klowòks avèk amonyak pandan w ap fè netwayaj
- Granpè w te blyie epi li pran medikaman l lan de fwa.

## Kiyès ki reponn apèl yo?

Famasyen ak enfimyè ki otorize la pou ba w konsèy 24 sou 24, 7 sou 7. Ou ka rele si w gen kesyon konsènan nenpòt pwazon ki andedan oswa deyò lakay ou.

## Èske mwen oblige peye pou m rele Sant Antipwazon an?

Non, tout apèl yo gratis epi konfidansyèl.

## Èske mwen ka resevwa èd nan lòt lang?

Wi, gen sèvis tradiksyon ki disponib nan plis pase 150 lang.

## Èske m dwe rele yon anbilans si gen yon moun ki anpwazonnen?

Si moun nan gen konesans, rele Sant Antipwazon an toutswit.

Rele 911 si moun nan:

- Pèdi konesans
- Gen kriz
- Gen pwoblèm pou l respire

## Ki kalite enfòmasyon mwen bezwen lè m rele Sant Antipwazon an?

- Non w ak non moun ki anpwazonnen an.
- Nimewo telefòn kote w ye a.
- Laj ak gwochè moun ki anpwazonnen an.
- Non pwodwi a.
- Ki valè nan pwodwi a moun nan te pran.
- Ki lè li te pran pwazon an.
- Tout sentòm moun nan genyen.

**Sant Antipwazon  
Vil Nouyòk**

**Rele 1.800.222.1222  
oswa 212.POISONS  
24 sou 24, 7 sou 7**

